XI. ХІамзатовасулгун гара-чІвари

Бокьараб пикруялъе буго ихтияр, а м м а ... 2

Бахlс

Жамгlияб гуреб Жамгlияб палата ЗУЛЬФИЯ ХІажиева 3

Чаялда нахъа гІуцІулел «халифаталги», макьу тун ралел мадрасабиги

ПАТІИМАТ МахІмудова 4-5

Миллат

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХІДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. ХІамзатов

№6 (6) 15 июль 2011 сон МАГІАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

Рамазан ГІабдулатІипов. Парламент, миллиял гьоркьорлъаби ва федерализм

ГІагараб заманалда «Миллат» газеталъ кьезе буго машгьурав политикияв ва жамгІияв хІаракатчи Рамазан ГІабдулватІиповасулгун гара-чІвари. Гьелъие гІиллалъун ккана Дагъистаналъул гражданазул гІуцІи абураб жамгІияб цолъиялъ Рамазан Пачалихъияб Думаялде рихьизарурал кандидатазда гъорлъ рехсей. Арал соназда Р. ГІабдулатІиповас парламенталде ин жинца нахъа тараб нухлъун рикІкІунеб букІана. Гьелда тІасан улкаялъул миллиял ва федерализмалъул суалазда, живго ГІабдулатІиповасул гІумруялда ва дунял бихьиялда тІаса букІине буго гара-чІвари. Нужер суалал ратани ритІе электронияб адресалда яги sms сообщениязда.

РЕДАКЦИЯ

редакторасул калам

Президентасухъе хитІаб: махсароги уябги

БЫЛО БЫ СМЕШНО, ЕСЛИ БЫ НЕ БЫЛО ТАК ГРУСТНО...

Салам буго
МухІамасаламиде
ва агьлу-хъизамалде.

Хадубги бокьилаан араб анкьалъ дуца гьабураб хитІабалда тІаса гІакъилаб цо чанго калима кагътиде гьурщизе. Мун трибуналде вахараб мехалда гьанженигги цо гІалам хвасарлъулеб калима борчІилин вукІана дун. Дуца дурабго цІалулеб букІана кагътидаса. Гьеб залалда гІодоб чІараб халкъалъеги, Гъалбацlовас абухъе, ХъахІабросулъа МахІмудие косинусалъулгІанги ургъел букІинчІо дур посланиялъул. Гьаб кагътиде къуларав дие ургъел букІанин абуни, гьебги гьереси ккела. Дун квешав чи вукІун гуро, республикаялъул политикаялдаги, ишазулъги нижер пикруялда бараб жо щибниги гьечІеб къагІида нужеца гІуцІиялъ.

Дуца абулеб буго терроризмалда данде къеркьеялъулъ учительзабазги гъеж гуризе кколин. Гьеб жо махсара букІанинги абичІо дуца. Я гьудулавчиха, чІвадарухъанасулги, цІогьорасулги, чиновникасулги къадру гьаваялде бахинабураб Дагъистаналда щив гІенеккилев учителасухъ. Гьес абураб жо гІаксалда гьабиналда бугеб СПКаялдейищ, ялъуни ЦІунтІа районалъул Мокъокъ росдал байбихьул школалдейищ, киб бугеб коррупциялъулгІаги бицунеб букІараб? КиналгІаги хитІабал хІажат гьечІо, ишаздалъун ва мисалаздалъун бихьизабизе ларищ гьесул бугеб къимат гьечІеб ва язихъаб яшав бихьарав цІалдохъанас? Чан цІалдохъанасе бокьилеб жакъа учителасда релълъине? Послание бакьулъе щвараб мехалда тІубанго кепал жал рицине байбихьана дуца. РачІайила коррупциялда данде рагъизе. Коррупция гьеб зал бахун къватІиб бугеб гІадин. РачІайин абун дол чагІи тІаде рахъун рачІани, кире ине рукІарал нуж? Чувал гъутаккола хІалтІи. Президентасул хитІаб бичІчІизабизе халкъалъухъе костюм-тІажу ретІарал гІадамал гуро ритІизе кколел. Гьев витІулев чиги ахІун абизе ккола президентас, дица дур костюмги бахъила, тІажуги бахъила гьеб Каспиялъул рагІалда законги хвезабун рарал гьундул риххичІониян. Щибаб соналъ мугІрузул районазде ритІун рачІуна хитІаб бичІчІизабизе нунубегал.

Бакъуца холеб халкъалде хитІаб гьабула, нилъер президентас ахІулел ругин коррупциялда данде рагъ гьабизе. Гьелъул магІна ккола МахІачхъалаялда гьеб гьечІин, магІарухъ батизе гурин рачІун ругин абураб. МагІарухъ гьеб гьечІин абулеб мех гуро, магІарухъеги гьеб автоматчагІаз цІунун инкассаторазул гІарцуда цадахъ бачІуна. Гьебги михъилъе бачун дора ругел бутІруз хІаким махІав чи витІула цо мискинаб росдал клубалдеги ракІарун гІухьбузда ва учителасда коррупциялда данде рагъ гьабеян бичІчІизабизе. Гьел гъаримазги ругел шагьи-параялги данде реххун, кваназеми гьавун нуха регІула дов чи ва кутакалда рагІи кьола гьеб коррупциялда данде рагъизе.

Цойги дуца къосичІого кагътидаса цІалулел мухъазда кеп щвана дие. Кадраби цІи гьаризе кколила, ахирал соназда гІемер чагІи хисанин дуца абигун иш велъиялдасаги ана. ХІукуматалъул ва парламенталъул картотека абураб жо букІунищали лъаларо дида. Нагагь батани, гьенир ругел чагІазул фамилиязухъгІаги хал гьабизе бегьуларищ? Къого сон буго гьел хисичІого цоцахъе хъулухъал кьолаго.

ЦохІо нух къосун гьениве ккарав чи вукІана МухІуца гимназиялъул директорлъиялдаса вачун тарав лъайкьеялъул министр Алексей ХІасанов, гьев пакъирги къватІиве ккана. Гьединаб тайпаялъул хІакимзаби хъулухъазда теялъ МухІуги паркалда тиризе витІана Кремлиялъ. Халат гьабиларо, МухІамадсалам, президентасда гІадин абулеб буго дуда дирго язихъаб гІакълуялъ къотІун. Щибниги хІасил гьел хитІабаз кьеларо, гьезда хадур ишал гьечІони. Дуца рехсаралщинал гІузраби лъугІила Дагъистаналда - докладазги, хитІабазги, посланиязги гуро, халкъалда рихьулел мисалаз.

Ришват лъугІизе бокьун батани, 70 проценталъ хисе гьеб босулел хъулухъчагІи, гьел щалали дуда лъала. Коррупциялъе ахир лъезе бокьун бугищ, гьебго къадаралъ нахъе ритІе министрал, кадраби цІигьаризе бокьун бугищ, хал гьабе фамилиязухъ ва къотІе хІукму. Бюджеталъе экономия хІажат батани, щибаб къо дуда рихьула цо лага-черх цІунун унел джипазул элхъи, нахъе рахъе гьел. Законалде ва тІалъиялде халкъалъул божилъи хІажат батани, нужецаго лъоге законалдаса къватІире рахараб гали. Щибаб къоялъ радал хІалтІуда ине къватІир рахарабго хвезабула нужеца закон, багІараб чирахъалда гъоркьа джипазул рехьедги бачун. Радал гьеб гьабулеб мехалда, бакъанидегІан щибдай букІина?

Лъай бугев чи вугин мунан абулелги рагІана. Дагъистан цебетІезе ва гІумру лъикІлъизе дуе бокьиялдаги божула, как балев вихьанинги абуна, амма гІумру хисизе ккани, байбихьизе ккола щивас жиндирго мисалалдалъун, хитІабаздаса цере, яги хадур.

ГІемерал кепал жал рицана дуца доб къоялъ, дун велъана, баркала кепал калимабазухъ, халкъ посланиялъухъ гІенеккун буго.

! Гьев витІулев чиги ахІун абизе ккола президентас, дица дур костюмги бахъила, тІажуги бахъила гьеб Каспиялъул рагІалда законги хвезабун рарал гьундул риххичІониян.

! ЦохІо нух къосун гьениве ккарав чи вукІана МухІуца гимназиялъул директорлъиялдаса вачун тарав лъайкьеялъул министр Алексей ХІасанов, гьев пакъирги къватІиве ккана. Гьединаб тайпаялъул хІакимзаби хъулухъазда теялъ МухІуги паркалда тиризе витІана Кремлиялъ.

Бокьараб пикруялъе буго ихтияр, а м м а ...

Жамг1ияб Палатаялъул нухмалъулев, машгьурав жамг1ияв ва политикияв х1аракатчи Х1амзат Х1амзатовасулгун х1исабалде босараб гара-ч1вариялда хурхун баян нижеца цебесеб номералда кьун бук1ана. Гьелъие г1иллалъун ккана араб анкьалъ Х1. Х1амзатов Жамг1ияб Палатаялъул нухмалъулевлъун вищи ва ц1ияб Палатаялда т1аса цо-цо жамг1ияял г1уц1абаз прессаялдасан гьарурал критикиял хит1абал. Гьезул пикруялда рекъон, Жамг1ияб Палатаялде рихьизарурал чаг1и руго киназдего г1агарун т1алъиялъ рихьизарун. Гьелъие баян щвеялъе ва республикаялъул г1умруялъулъ ругел цогидал лъугьа-бахъиназда т1асан Х1. Х1амзатовасулгун гарач1вари гьабуна «Миллат» газеталъул редактор М.Бисавг1алиевас.

Жамг1ияб Палата ва парламенталъул рищиял

— «Отечество» абураб жамг1ияб г1уц1иялъул ва цо-цо х1аракатчаг1азул пикруялда рекъон, ц1ияб Жамг1ияб Палата г1уц1ун буго халкъалъул интересал х1исабалде росич1ого, ай президентас рихьизарурал ва гьесда аск1осел чаг1аздаса, щиб абилеб гьелда хурхун ?

— Гьеб «Отечество» г1уц1иялъул президиумалъул член Г1абдурах1манов Мух1амад вищана Жамг1ияб Палатаялде. Интересал ц1уничIин аби, гьеб буго гьезул пикру.

— Бит1араб бугищ гьеб пикру?

— Бокьараб пикруялъе буго ихтияр.

— Ихтияралдалъун лъуг1улеб гьеч1о иш, гьезул пикруялда рекъон, президентасул указалдалъун тасдикъ гьавурав 22 чи г1еч1ого, хут1арав 22 чиги нужеца Хъах1аб рукъалда дандги бан тун раг1ула.

— Гьеб бит1араб гьеч1о, хут1арав 22 член тасдикъ гьавуна балъгояб гьаркьидалъун т1орит1арал рищияз. Гьениб бук1ана прессаги, жамг1ияял г1уц1абазул вакилзабиги ва кинабг1аги бадибч1вай бук1инч1о ихтиярал хвезариялда хурхун.

— Дица гьелда хурхун гьикъун бук1ана машгьурав жамг1ияв х1аракатчи, Дагъистаналъул халкъияв бах1арчи (народный герой Дагестана) Г1исалмух1амад Набиевасда, гьесги тасдикъ гьабуна ихтиярал хвезариялъул х1ужжа ...

— Гьес тасдикъ гьабун буго «мац1алда ракьа гьеч1ин» абураб пикру, гьелда данде даг1ба гьеч1о дирги.

— «Дагъистаналъул гражданазул цолъи» (ДГС) г1уц1иялъ т1алъиялде хит1аб гьабуна Россиялъул парламенталде рихьизарулел чаг1азул сияхI жамг1ияял г1уц1абигун ва халкъгун данд бан рихьизареян. Гьез мустах1икъаллъун рихьизарун руго политик Рамазан Г1абдулат1ипов, РФялъул Конституциялъул судалъул член Х1адис Х1ажиев, инсанасул ихтиярал ц1униялъул вакил Умупазил Г1умарова ва цогидалги. Гьеб пикруялда щиб абилеб, г1енеккизе бугищ т1алъи халкъалъухъ?

— Гьеб буго бит1араб ва х1ажатаб инициатива, демократиялъул шарт1азда жамг1ияял г1уц1абаз ва халкъалъ кьезе ккола т1алъиялъе гьединал хит1абал. Федералияб даражаялда х1алт1изе ккола гьебго къаг1идаялъ.

— Х1алт1изени ккола, раг1иладай т1алъиялда гьеб гьаракь, риччалищ гьел чаг1и парламенталде?

— Дир пикруялда, раг1изе ккола, риччай абураб жо щиб? Гьеб бихьизабила рищиязул х1асилаз, пал т1амун рорч1ила-рорч1ilарояз гуро. Партиязул сияхI ал рит1ухъго гьаризе рук1иналда дун божарав вуго.

— Рищиялин гьезда абизе зах1мат буго, цере цо мандаталъул округалдаса рищулеб мехалда кандидатал унаан халкъгун дандч1вазе, гьанже лъиданиги лъаларел чаг1и унел руго сияхI азда ц1ар хъван, гьеб кин бич1ч1илеб?

— Цебесеб къаг1ида лъик1аб бугин дуца абулеб батани, дун г1енеккизе вуго духъ. Сундулъ гьеб лъик1лъи бук1араб?

— Программаялъухъги г1енеккун дица вищулаан мустах1икъав чи, жакъа дир гьаркьида бараб жо гьеч1о. «Единая Россия» партиялда ц1ар хъван бугин г1умруялъ вихьич1ев чи ун ватула парламенталде. Гьеб къаг1идаялъ ахир лъуна рищиязе ва демократиялъе.

! Г1арцул суал босани, гьеб буго киридахъ гьабулеб х1алт1и, смета ва расходазул рахъ хозяйствияб къаг1идаялъул харж гьаби, нижеца расходал рик1к1инч1о.

— Гьелъие ахир лъунгут1изе г1ах1аллъизе ккола щивав гражданин улкаялда ругел ишазда гьоркьов. Жамг1ияял г1уц1абаз т1алъиялде хит1аб гьабиги буго гражданазулаб инициатива. Щивав гражданинасул жавабчилъи гьеч1ого бук1унаро демократияги гражданазулаб обществоги. Х1ажат буго гражданазул бич1ч1и, парламенталде унев депутатас декларациязда щибниги доход гьеч1ин жиндиран бихьизабурабго, щай гьесие гьаркьал кьолел? Гьелъул маг1на ккола гьес кинабг1аги кумек гьабулеб гьеч1ин бюджет г1уц1иялъе абураб. Пенсиязе, пособиялъе, лъайкьеялъе ва сахлъи ц1униялъе, халкъалдаса жиндир доход бахчулев чи щай вищулев парламенталде?

Дагъэнерго ва ц1ияб нух

— Мун вук1ана г1емерал соназда Госсоветалда авар халкъалъул вакиллъун, жакъа мун вугеб Жамг1ияб Палатаялдагун гьеб Госсоветалда гьоркьоб бат1алъиго



бук1анищ?

— Щай бук1унареб, Госсовет бук1ана пачалихъалъул нухмалъиялъулаб орган. Коллективияв президентин абулаан гьелда. Жамг1ияб Палатаялъухъ гьединаб кверщел гьеч1елъул.

— Дица г1ададa гьикъулеб суал гуро гьаб, мун Госсоветалда ва Дагэнергоялъул нухмалъуда вугеб мехалда дуца Мах1ачхъалаялъухъе, С. Амировасул кверщалида гъоркье шагьаралъул электросетал ва токалъул г1арац бак1ариялъул иш кьеялъ г1емераб зарал гьабунин ЖКХаялъе ва г1адамазе ток ч1езабиялъе абураб пикру буго...

— Гьеб жо мекъаб информация буго, Мах1ачхъалаялъул Горэлектросетал ва г1арац бак1ари киданиги Дагэнергоялъухъ бук1инч1о.

— Дур нухмалъиялда гъоркь г1емераб х1алт1и гьабуна, ГЭСал рана республикаялда. Амма 70 абилел соназдаса нахъе руго хисич1ого токалъул х1убал Лъарат1а ва Ц1унт1а районалда, къоло цоабилеб г1асруялда чирахъул канлъухъе сордо рогьизе ккей кин бич1ч1илеб?

— Гьеб жоялда абула энергетиказул мац1алда, электричество харж гьабиялъулъ естественияб х1ажалъи. Масала, чияс босулеб буго к1иго телевизор, лъабго холодильник, цо чирахъ бук1аралъуб далулеб буго берцинаб люстра, гьес босула жиндирго г1арцухъ. Пачалихъалда т1адаб буго электричество ч1езабизе, токалъул транспортировкалъул тарифги х1исабалда бугелъул. Гьеб г1арцуца заманаялъ хисизе ккола трансформаторалги, х1убалги, кваралги. Харж гьаби ц1ик1к1арабго цо-цо мехалда х1ехьоларо нагрузка, амма т1адаб буго ч1езабизе ток.

— Ток ц1ик1к1ун бух1иялъул масъала гьеч1о доба, гьелъул г1аксалда, г1адамал гочунел руго шагьаразде ва ток бух1и дагьлъун буго. Жалго х1убал руго квараз ккун, 70 абилел соназдаса нахъе хисич1ого. Щибаб соналъ гьениб хасало ц1а бакизе 80 азарго кубометралде г1агарун рохьал къот1ула. Гьел рохьал лъуг1ани, т1убараб Дагъистаналъе энергетикияб катастрофа бук1ина лъим г1оларого.

— Гьеб бит1араб суал буго, т1алаб гьабизе ккола ток кьолел идарабаздаса, роц1ц1унеб батич1они, хит1аб гьабе Жамг1ияб Палатаялде. Ниж х1адурал руго к1вараб кумек гьабизе. Рохьал къот1иялда хурхун абуни, гьабсаг1ат газ бачун буго мугIрузул районазде, гьелъги ц1унила рохьал.

— Гьеб газги нижер мухъалде гуреб, рохьалго гьеч1еб Болъихъ ва Г1ах1ьвахъе ана...

— Ц1умадеги бачунеб буго, гьенир ругелъул рохьал. Бищунго рохьал ругел Лъарат1а, Ц1унт1а ва Шамил районаздеги бигьалъизе буго газ бачине, ц1ияб Г1аймакиса Хьаргабире унеб нух лъуг1ани. Гьелъ лъик1лъизабила мугIрузул районазул инфраструктура, бачине рес буго газги, 60 километралъ къокълъулеб бугелъул нух.

— Гьеб нухлул бицине бокьилаан, кида гьеб лъуг1улеб, киг1ан г1арац унеб бугеб, лъил г1арцухъ бахъулеб?

— Нижер х1исабалда рекъон, августалда рагьизе буго гъоркь асфальт т1еч1еб нух Хьаргаби щвезег1ан. Исанаго рак1алда буго асфальт лъезе байбихьизеги, аслияб х1алт1и гьелъул бук1ина бач1унеб соналъ. Г1арцул суал босани гьеб буго киридахъ гьабулеб х1алт1и, смета ва расходазул рахъ хозяйствияб къаг1идаялъул харж гьаби, нижеца расходал рик1к1инч1о. Нижеца босана лъабго бульдозер «Камацу», босана нилъер Россиялъул ункъго бульдозер, гидромолот «Камацу» (гьелъ кьвагьич1ого щущазабула кьуру) ва «Хитачи» экскаватор. Харжал кьола х1алт1ухъабазе, ч1езарула запчастал, солярка, нах ва цогидал х1ажалъаби.

— Пачалихъалъул къаг1идаялъ, сметабазда рекъон бахъани, чанго миллиардалде бахинаан гьеб.

— Бахинаан миллиардазде, нижерго г1арцуца гьабулеб бугелъул, гьел къаг1идаби х1ажалъуларо.

— Пачалихъалъул г1арац бугищ гьениб? Гьенисан хьвадаралъухъ г1арац босизе бугин раг1ун бук1ана.

— Г1арац босиялъул пикруялдаса инкар гьабуна, нух бук1ине буго ч1обого ва пача- ⇨3

⇨2 лихъалъул кинабгIаги капек гьечIо гьениб.

— МухIу ГIалиевасе кинаб къимат кьолеб дуца?

— Гьесие къимат кьуна, гьес гьабуна жиндихъа бажарараб хIалтIи.

— Щиб бажаричIеб гьосухъа ва щиб рикIкIине бегьулеб гьабизе кIваралдаса аслияблъун?

— Гьеб суал кье живго МухIуе, гьеб буго цIакъ халатаб хабар ва батIияб тема.

Лагълъи гьабизе чи тIамулев живго вукIуна лагълъун

— МухIу тана, щивгун дандчIвазе бокьилаан дуе тарихалда лъалкI хутIарал гIадамазда гьоркьоса рищизе мунго тани?

— Дир рес букIарабани, Дагъистаналъул тарихалда лъалкI тарал чагIигун дандчIвазе, гьезул щивавгун дандчIвалаан. Диие бокьилаан гьабсагIаталдаги актуалияблъун бугеб, инсанасул эркенлъиялъе баян кьолев МухIамад Ярагъиясухъ гIенеккизе. Гьесул пикруялъул ва дунял бихьиялъул аслияб принцип букIана «Щивниги вукIине бегьуларо чияца мутIигI гьавулевлъун ва дуцаги гьавизе кколаро щивниги мутIигI» абураб. Инсан вукIине ккола эркенавлъун. Жиндие лагълъи гьабизе чи тIамулев живго вукIуна лагълъун. Диие вихьизе бокьилаан имам Шамил ГIанди хIорихъ гIаламги ахIун халкъ лагълъиялдаса тархъан гьабурав. Сверухъ ругел улкабазда жеги лагълъи букIана: Россиялда крепостное право нахъе бахъун букIинчIо, Туркалъ лагълъи букIана, Ираналда гьебго букIана, жалго Шамилил наибзабазулцин букIана халкъалда т1ад кверщел. Шамилица гьезухъа нахъе босана тIалъи (власть), босаниги наибзаби гьесда хадур рилълъана. Кинаб гIакълу ва рухIияб къуват букIун бугеб Шамилил? Шамилихъ гIенеккизе бокьилаан жакъа.

Диие вихьизе бокьилаан имам Шамил ГIанди хIорихъ гIаламги ахIун халкъ лагълъиялдаса тархъан гьабурав. Сверухъ ругел улкабазда жеги лагълъи букIана.

— Мун рагIула Сугъралъа ГIабдурахIман ХIажиясул ва Дагъистаналъул ункъабилев имам МухIамадхIажиясул наслуялъул чи цояб рахъалдаса, цогидаб рахъ - хундерил хан Хъайтмаз ва пачаясул генерал Макъсуд ГIалихановазул наслуялъул. Кинаб рахъ дулъ цIикIкIун бугеб, гIурусазе хъулухъ гьабун генераллъи щваразулищ, яги гьелгун рагъун гIумру кьуразулищ?

— Дица гьезул кIиязулго къимат гьабула. Анонимкаби хъвалеб мехалда дир инсудаса, хадур дидаса гIезегIан хъвадарана ханасул ва рухIаниязул наслуялъул чиян. Дица гьеб киданиги бахчичIо ва партийный документазда букIана хъвайхъвагIай. МухIамадхIажияв гIурусазда данде гуро, царизмалдехун вагъулев букIана, Болотников, Степан Разин, Пугачев ва башкирав Салават Юлаев гIадин. Гьеб нус-нус соназул дандечIей букIана. Декабристалги, Александр II пача чIварал народникалги, хадуб инкъилабги лъикIаб гIумруялъ гьабураб жо гуро. Халкъалъул рукIинчIо ихтиярал, кибго букIана мискинлъи. Бакъун жаниб халкъги тун, къватIибе битIулеб букIана Россиялъ ролъ. Гьебго дандечIей букIана Дагъистаналдаги, гьелъие бищунго гвангъараб мисаллъун буго Петербургалда пача тIаса рехханин рагIарабго, Темирхан-Шура дагъистаниял тIоцере рекерана генерал Аргъутинскиясул памятникалъухъе ва горбода кIичIги реххун реххана гIодове. Гьелдаса бихьулеб буго нилъеда Дагъистаналъеги Россиялъеги доб зулму рихун букIараблъи. Немцаз Лениние гIарацги кьун инкъилаб гьабунин абураб жо битIараб гьечIолъиялъе мисал.

БахIс

ЖамгIияб гуреб ЖамгIияб палата

Дагъистаналъул жамгIияб палатаялда данде цойги палата гIуцIизехъин буго жамгIиял гIуцIабазул цолъиялъ – «Отечествоялъ». Гьез абулеб буго республикаялъул жамгIияб палата бугин президентасда берцин бихьиялъе гIуцIараб жо, халкъалъул ургъелги къварилъиги бугел чагIиги гьенир цIакъго дагь гурони гьечIин. Жидеца кьурал чагIазул цIарал хъвараб таптарги рагьунгицин гьечIила жамгIияб палатаялде гIадамал рищулеб комиссиялъ. Масала, советияб заманалда Афгъанистаналда рагъарал гIолохъабазул масъалаби щвалде щун рорхулеб гIуцIи республикаялда жидер бугин бицана «Миллаталъе» Шамиль Хадулаевас. 1990 соналдаса нахъе гьабулеб бугила вацасги жинцаги гьеб иш. Амма жамгIияб палатаялде рищарал гIадамазда гьоркьов цониги гьечIила гьеб суал лъикI лъалев чи. ГьечIила гьединго жакъа Дагъистаналъе чара гьечIого хIажатал масъалаби рорхулел жамгIиятчагIиги. Гьеб суалалъ тату хвезабун буго Шамилов МухIамадилги. Закон цIунулел идарабазул хIалтIухъабазул профсоюзалъе нухмалъи гьабулев гьесда ургъел ккун буго полициялда жаниб ахIвал-хIалги хIалуцун, ярагъги кодоб ккун рохьоре унел чагIи гIемерлъилилан.



М. Шамилов

А. ГIазизханов

«ГьабсагIаталда МВДялда гьабулеб реформаялъухъ балагьараб мехалда ракIалде кколеб буго гIолохъаби рохьоре тIуризарулеб къебелъи бугин гьебилан. БатIи-батIиял багьанабиги ратун гьениса нахъе гъолел руго хIалтIизеги лъалел, жидерго пикруги бугел гIадамал. Хасго гьаб жо битIун, гьаб цояб мекъи бугин абулев чи толев гьечIо. Лъиданиги кIолищ метерисеб къоялъ гьел гIолохъаби рохьоре унарилан ракIчIун абизе. Гьелда буго кIудияб хIинкъи. ХIалтIудаса нахъе рахъулел ругилан уведомление битIун бачIунеб буго министрас («министрасул флешка» ян цIар лъун буго дица гьелда). Гьединал суалал рорхизе къваригIун букIарабани, жамгIиял гIуцIабазул нухмалъулелгIаги риччалароанищха палатаялде. Риччалаан. Гьелдалъун бихьулеб буго президентас щибниги хисараб жо гьабизехъин гьечIолъи», - йин рикIкIунеб буго жамгIияв хIаракатчи Шамилов МухIамадица.

«Отечествоялъул» вакилзабазул дагIбаялда бан «Миллаталъе» интервью кьолаго жамгIияб палатаялъул председателасул заместитель ГIазизханов Алюсетица абуна, цин бугони, жамгIияб палатаялде гъорлъе вищун вугила «Отечество» гIуцIаразул цояв – ГIабдурахIманов МухIамад. Дагъистаналда жамгIияб палата гIуцIаралдаса лъабабго нухалда вищанила гьев гьениве. Гьединго бокьилаанила гьенив жамгIияв хIаракатчи ГIисалмухIамад Набиевги вихьизе. Амма гIураб къадаралда гьаркьал щвечIила гьесие. Рищиялги цIакъ эркенго, жиндир тартибалда анила.

- «Отечествоялъул» яги цогидаб гIуцIиялъул позициялдалъун гуребги балагьизе ккола. Дида ккола нилъедаса яги «Отечествоялда» лъалебалдаса, президентасда лъалеб цIикIкIун батилилан. ГIемер жо цоцада данде кквезеги тIамулел руго гьединаб мехалда. Нилъеца гIумру гьабулеб буго миллатал гIемераб республикаялда. ЖамгIияб палата гIуцIулелъул гьебги хIисабалде босизе ккола.

- «Отечествоялъулаз» рикIкIунеб буго жамгIияб палата халкъалдаса батIа тIун бугин, гьелъ Дагъистаналъул хIукуматалъ абу-абураб жо гьабулеб бугин.

- Валлагь гьечIоха гьеб халкъалдаса батIа тIун. Нижеца гьабураб хIалтIул къадаралъ бицуна иш гьелъул гIаксалда букIин. ТIоцебесебги кIиабилебги болжалалда гIуцIун букIараб жамгIияб палатаялъ гьоркьор лъун рукIана гIезегIан захIматал суалал. Хадубккунги лъезеги руго гьел. Амма гьел суалал тIуразаризе тIадчагIи кидаго гуро хIадур рукIунел. Законалда рекъонни гьезда тIадаб буго жамгIияб палатаялъ тIалаб гьабулеб масъала жидеца гьоркьоб лъунин, гьелда рекъон щибниги хIукму гьабунин жаваб кьезе. Нижер цониги суал жаваб щвечIого хутIунгутIиялъеги хIалтIи гьабулеб буго гьанже нижеца. Амма кидаго гуро щолел ниж разиял жавабалги, - ян бицана «Миллаталъе» ДРялъул жамгIияб палатаялъул председателасул заместитель Алюсет ГIазизхановас.

ЗУЛЬФИЯ ХIажиева

Щиял-басриял харбал

"Дин лъангутIиялъ" рачун арал...

Гьал къоязда полициялъ Гъоркьияб Гъазданущиб росдал мажгиталдаса вачун ун вукIана какде вачIарав 12 чи. Гьелъие гIилалъун ккун буго росдал гIадамаздаги гьездаги гьоркьоб диналда тIасан рагIи дандеккунгутIи лъугьин. Масала, гьез рикIкIунев гьечIо Буйнакск мухъалда гIумру гьабун вугев шайих ХIамзатов АрслангIали. Гьелда тIаса ккун буго дагIба-рагIиги.

Росулъе рачIарал Буйнакск мухъалъул полициялъул хIалтIухъабаз чIухь-бана гIадамазул рукъзабахъ ва кинабгIаги гIиллаги баян гьабичIого 12 чи вачун ана ОВДялде.

Гъоркьияб Гъазданущиб росдал имам ГIабдуратов Илясица лъазабуна полициялъулаз ккун араздехун жиндир щибгIаги квешаб бербалагьи гьечIин. Гьеб гьечIониги, ГIабдуратовас рикIкIунеб буго, гьел 12-ял ругин дин бичIчIуларел чагIи: "Цере гьел рукIана гIадатиял буссурбабилъун. Гьанже гьезие щиб ккарабали лъаларо, гьез рикIкIунев гьечIо шайихги, мавлидалги, хабзалалъе ине бегьуларинги абулеб буго. Гьезда дин лъалеб гьечIо, гьелъ гьел мекъаб нухдеги ккун руго".

Гьеб хIужаялда бан Буйнакскиялъул полициялъ киналгIаги баянал кьечIо. Гьединаб лъугьа-бахъин букIараблъи лъалеб батичIо ДРялъул МВДялъул пресс-хъулухъалдаги.

Ккун арал гIолилал 12 июлалда нахъе риччана.

Бунакск мухъалдаса адвокат МухIамадов МухIамадица «Миллаталъе» бицухъе, гьезда полициялъулаз гьикъулеб букIун буго изну гьечIого яргъид гIуцIаразда гъорлъ ругел росдал чагIи лъалищилан.

«Полициялъ гьезие кинабгIаги гIакъубаги кьун гьечIо. Амма диналъул батIияб рахъ ккунилан гIадамал гьединан рачун ине бегьуларо, законалда рекъон гурони. Законалдаги хъван буго щибго гIилла гьечIого гIадамал кквезе бегьуларилан».

ЗАКИР МухIамадов

№6 (6) 15 июль 2011 сон

ЧАЯЛДА НАХЪА ГIУЦIУЛЕЛ «ХАЛИФАТАЛГИ»,

ГIарабазул аби буго хIапделел гьабиги тун караван цебе унилан. Гаргалел , тIад релъанхъилел, квалквалал гьарулел гI адамалги тун жиндаго ракIалде ккараб иш рагIалде бахъинабулев гIолохъанчи ватана дида ЦIияб Сасикьа Исраил. Кидаго бесдалазул тIалабагъазалда вукIунев МухIамад ГIабдулхабировасдa цадахъ ЦIияб Сасикь балеб бугеб мадрасаги, «Бесдалазул рукъги» бихьизе ана дунги ракIалдаго гьечIого. Гьеб гьитIинаб росулъ цо чияс тIадеги босун балеб буго кIудияб мадраса, гьенибго букIине буго бесдал лъималазе балеб центр, спортивиял площадкаби, стадионал. Дица гьединаб бакI балеб бугин гьев васасилан цоги чагIазда бициндал – «ГIезегIан квеш рагIулилаха, гьел вагьабиял гIемерлъиялъе гьабулеб ишалдасайищила мун йоххун йигейилан» абуна дида. Лъикlаб иш гьабулев чиясул я дин, я миллат, я жинс цIехеян малъун букIинчIо дида дир эбел-инсуца. Дидаго бихьаралъулги Исраилица бицаралъулги хъвалеб буго жакъа дица.

Жиндирго хъизан буссине рукъ гьечIониги «Бесдалазе рукъ» балев

Мунго вуссинецин рукъ гьечIев дуе гьаб «Бесдалазул рукъги», гьелда сверун бугебщинаб хIалтIи-пишаги, гIадамазул гаргарги щиб гьабизе. Дуца къого лъимер букIине бокьун бугин дургойилан абулеб бугелъул, гьабсагIат ругел ичIазулгоги, Аллагьас кьуни хадур рукIинеселги гIадамалъе рахъинаризе кколев мун цогидазде регIунищ вугев? Яги дуца гьеб дуего цIаруе гьабулеб жойищ?

Бусурманчи киданиги цохIо жиндирго ургъелги гьабун вукIине бегьуларо, нилъеда щивасда тIадаб жо аскIов вугесул тIалаб гьаби. Масала, бусурманчи, вакъун мадугьалги тун, кваназецин бегьуларо. Бищунго тIалаб –агъаз гьабизе кколел чагIи руго бесдал лъимал. Гьел цохIо кваназарун, ретIа-къарал гIоларо. Бищунго гьезие хIажатаб жо буго гьуинаб калам, гьездехун рокьи, тIалаб. Гьединлъидал дида ракIалда буго бищун цебе нижер «Бесдалазул рокъор» ругел лъималазе дагьабниги эбел –инсулаб хинлъиги рокьиги кьезе.

Кин дуца гьезие гьеб кьезе бугеб? Дураздаго аскIореги дуца гьел рачинаро, чияр лъимал нилъерго гIадин рокьайилан цогидалги тIамун бажариларо, тIамун яги малълъун гьабулеб жо гурелъидал гьеб.

Щибаб лъимадул вукIине вуго гьезие дагьабниги эбел-эменлъи, тIалаб гьабизе тарав чи. Гьесда тIадаб букIине буго жинца тIалаб гьабулеб бугеб лъимер цо-цониги жиндирго рокъобе, хъизаналде гьоркьобе, тира-сверизе бачин. Рокъоре рачун лъимал хьихьизе киназулго гуреблъидал рес букIунеб. Лъималазе гIемераб жойищ къваригIунеб? Гьезие бищун хIажатаб жо буго рекIел хинлъи, жалго къваригIун рукIин, рокьулел рукIин лъай, бичIчIи.

Гьедин киридухъ жидераздего тIаде гьел лъималазулги тIалаб гьабизе тIаде босулел чагIи рукIинадай ?

Щай рукIунарел, гьел бесдалазул «ракI батизабуралъухъ» бугеб кIудияб кири лъалел чагIи гьанжего руго дида жал гьел лъималазул «умумуллъун» тейилан абулел. Нилъер Аварагас (с.гI.с) абун буго бесдалазул тIалаб гьабурав чи, кIиго килищ гIадин, жинда аскIов алжаналъул вукIине вугилан. Дида гьарун жидего гIага-божаразул лъимал росулел руго гьенире. Гьебгощинаб хIалихьалъиги хъублъиги бихьидал, гьадинаб рукъ цо гуреб, цо чанго базе ракIалде ккезе ккола гIадамазда.

Гьел дандечIеялъул аслияб гIилла мун салафитазул рикьиялъул чи вукIин бугодай ? Нужер росу кIийиде бикьун бугиланги абулелъул. Дуца салафитазул кьерал цIикIкIинариялъе гьабулеб иш бугин гьеб кинабго, гьединлъидал дандечIей гьабизе кколилан лъугьунцин рукIанадай гьел?

Гьеб киналдасаго инсанасул жахIда бергьун батилин ккола дида. Нилъер гьаниб щибниги гьабулев чиги бегьуларо, щибгIаги гьабуларев чиясдаги рекъоларо.

Гьез жидецаго тIаса бищизе бегьула бокьараб. Исламалда хIал гьабун щибниги гьабизе тIамизе бегьуларо. Бокьани, гьел цохIо мадрасаялда цIалун чIела, гьанибго гьезие щивасе махщел щвезабизе буго, бокьани цогиги цIалул идарабаздеги ине бегьула. Аллагьас хъван батани, нижеда ракIалда буго щибаб лъимадул цIаралда счет рагьизе. Бокьарав чияс лъезе бегьула гьезул счеталда гIарац. Лъимал балугълъиялде рахун хадуб гьезухъе кьезе буго гьеб гIарац. КъваригIани цIалухъ кьезеги, бокьани рукъ-бакI босизе, хъизан гьабизе хIалтIизабизе бегьула гьеб. Нижеда цебе бугеб аслияб масъала буго гьел лъимал лъикIлъиялдаса квешлъи батIа бахъизе лъалел, рухIияб рахъ

ТIад релъулел киналгоги тун, 2 соналда жаниб бараб мадраса

ккола цо-цо лъимадул лъаб-лъаб умумулцин рукIинилан. Дица тIаса рищун бищунго лъикIал гурони кинав ватаниги чиги виччазе гьечIо гьезда аскIове.

Гьаб мадрасаги, бесдалазул рукъги, гьелда сверун бугебщинаб базеги гIарац садакъаялъе гIадамаз кьураб бугин абулеб бугоха дуца. ХIукуматалдасан щибниги кумек щванищ ?

Дица абула бищунго лъикIаб кумек бугин, квалквал гьабичIого тей. Квалквалал гьаризейилан лъугьаралги гIезегIан рукIана. ХIукуматалъ гьабураб кумек буго гьаб кинабго базе ракь кьей. Хасавюрт районалъул бетIерас щибго къварилъи гьечIого лъабго гектар ракьул кьуна. Гьебги буго кIудияб кумек.

ВахI, гьединаб сахаватаб ишалъулъ квалквалал гьарулел чагIи гIаги щал?

РукIана гьединалги, мадраса бараб гIелила, тIокIаб бакI базе ккеларила. Гьеб базе бихьизабураб ракь жамагIаталъул ракь бугилан дагIба балел рукIана цоцоял. Щибниги пайда босулареб ракь букIана гьеб, гьедин бугониги кумек гьабичIониги квалквал гьабичIогойищ телебилан рукIун ратилаха цо-цоял дандечIун. ЦохIо мадраса бан кин телеб, дихъе щварал баяназда рекъон, республикаялъул лъималазул рукъзабахъ ва интернатазда эбел-эмен гьечIеб 44 лъимер гурони гьечIеб мехалда. ХутIаразе бакIал щолел гьечIо, щай гурелъул гьенир хIалтIулел чагIаз бесдалазе хIукуматалъ кьезе кколеб рукъги цогидабги щвеялъе гIоло, гьереси документалги

Нижер гIодоса тIадего суфиязул росу букIана. Гьединлъидал гьеб рахъ кколел цо-цоязул дандечIей камилищха. Амма гьаб кинабго балеб бакIалда бацIцIун Аллагьасе гIоло хIалтIизе рачIунезда гьоркьорги руго суфиял. ДУМДалъул вакил, жиндир мунагьал чураяв Макъсуд Садикъовгунги дандчIван вукIана дун. Гьесги ккуна дица гьабулеб ишалъул рахъ, жинца бажарараб кумекги гьабилила, закагIаталъе бачIараб гIараццин кьелила гьенибейилан абун букIана. Гьеб къотIи-къай гьабун заман иналде гьев гьайбатав инсанги чIвана. Гьеб буго республикаялъего кIудияб ками, Макъсуд вукIана кутакалда лъайги бугев, гIаданлъиги бугев чи. ГIемерал нухал кьолев чи вукIана гьев, цохIо жиндирго нух ккун чIолароан гьев. ГIорхъодаги вукIун киназулгогун рекъезабизе лъалаан. Гьанже дагьабниги лъайги бажариги бугел чагIи толел гьечIелъулха.

Гьоболасул хIамие бокьичIони, гьеб гьекъезабизе кIоларо

Мун вугоха анцIгониги соналъ Сириялдаги Египеталдаги цIаларав, динияб гIелму босулев вугев чи. Гьел бесдал лъимал, аскIобго мадрасаги бугелъул гьениб цIалиги гьабун, дурго нухдасан инейищ дуе бокьун бугеб, яги дуца гьезие цоги-цогидал нухал рагьизе ругищ?

щулиялъун куцай. Щайгурелъул жакъа нилъер гIолилазул рухIияб рахъ кутакалда нахъе ккун буго, гьезул «тормозал» гьечIинцин абизе бегьила, бегьила-бегьиларoян абураб жоялъул пикруцин гьабулеб гьечIо.

Масала, гьеб мадрасаялде яги бесдалазул рокъоре цIакъго гIисинал гурел, дагьал санаде рахарал, пикруги гьабун бажарулел, суфиязул рахъ ккун куцарал лъимал рачIани, нужеца гьезие жидерго нухдасан ине квалквалал гьариладай?

Бокьараб диналъул, бокьараб рикьиялъул рахъ кколел, бокьараб миллаталъул ва диналъул лъимал росизе руго гьенире.

Росизени росила гьел гьенире, хадуб нужеца гьел жидерго нухдасан нужералдехун свери босизе тIамуни…?

Цоги нухалъ такрар гьабулеб буго, Исламалда щибниги хIалалда гьабизе тIамизе гьукъун буго. Жиндиего бокьараб нух тIаса бищизе, бокьахъин пикру гьабизе рес букIин гьеб буго инсанасул ихтияр. Гьеб лъицаниги хвезабизе бегьуларо. Духъа бажарулеб батани бицун, бичIчIизабун инсан сунде вугониги кантIизавизе, гьаве, гурони гьев тIамизе бегьуларо. Дун Сириялда цIалулеб мехалда нижеда ректорас абулаан жинда тIадаб жо бугила нужеда Аварагасул (с.гI.с.) заманалда букIараб, гьес гьабулеб букIараб дин малъизе, жинца гьеб гьабулебги бугила. Гьединго нижецаги малълъейила гьезда гьебго къагIидаялъ, босилищ- босилищали гьеб жидецаго тIубазе тей-

МАКЬУ ТУН РАЛЕЛ МАДРАСАБИГИ

ила. ТIамунлъиялда гьабулеб жо гуро дин. Дуцаго пикру гьабе кин гьеб букIунебали, дуда цебе бала гьев чияс как, амма как балелъул гьесул рекIелъ Аллагь гуреб машинаги, рукъги, гIарацги, берцинал ясалги ругони … гьелъул щиб кколеб? Нилъер магIарулазул аби буго гьоболасул хIама хIорТIе бачиналъул… Гьединабго жоха хIал гьабун гьабулеб динги.

Гуллил жигьадалдаса рагIул жигьад бергьуна

Цо гIадамал данделъараб бакIалда дица абун букIана – Автоматги кодоб ккун гьабулеб жигьад гьеб бищунго бигьаяб бугин, бажарулеб батани нужеца рагIудалъун гьабейин жигьадилан. Гьенир рукIаралщинал дида тIаделъана, Аварагасул (с.гI.с.) заманалдагийила гIадамал ярагъги босун жигьадалдеги, гъазаваталдеги рахъунел рукIанин, кин гьабуниги гьабизе бегьулила гьеб диналъе гIоло рагьилан.

Нилъер Аварагас (с.гI.с.) абун буго бищун лъикIаб жигьад бугила тIадчагIазда цебе хIакъикъат бихьизаби. ГьабсагIаталъ нилъер тIадчагIазе хIакъикъат бихьизабулел чагIи данде кколел гьечIоха. Масала, дуца, журналист хIисабалда, гIадамазухъе хIакъикъиял баянал кьей гьебги ккола бищунго лъикIаб жигьад. Автоматалдасаги, хвалчадасаги рагIи къуватаб буго.

Жидерго ишалда ругел милициялъул хIалтIухъаби чIвай, цониги бакI кьвагьизаби - гьеб кинабго жигьадлъун рикIкIунел бичIчIи гьечIел, жагьилал чагIаз хвезабулеб буго жакъа Исламалъул «сипат». Цониги диналъ гIадамал чIваялде ахIуларо гури….

Гьедин рагъ-кьал хирияз-да дица кидаго абула : «Ле, нуж Аллагьасе гIоло хвезе гIедегIуге, Аллагьасе гIоло гIумру гьабе, ТIадегIанасе гIоло нуж бокьараб механда хвезе бегьула», - ян. Аллагьасе гIоло гIумру гьабейилан абулеб жоялъул магIна ккола хвезабугейин, гIуцIарейилан. Хвезабизе бокьарав гIабдаласухъги бажарула. ГIадамазе, обществоялъе, ВатIаналъе пайдаяллъун рукIа. ХIадис буго Аллагьасе бищунго рокьулел чагIи ругила цIикIкIун гIадамазе пайда гьабурал. Гьединлъидал щибдай кьвагьила, щивдай чIвалайилан ургъулел рукIинчIого, киндай лъикIлъи гьабилаян ургъе. Гьедин дурго хьвада-чIвадиялъ, бицунеб рагIуцаги бихьизабе дурго диналъул бацIцIалъиги, гъварилъиги. ТункIица гьабулеб жо гуро дин. Гьедин Исламалде гIадамал цIалел рукIаралани, Дамаскалда бусурбаби рачIиналдего гьенир рукIарал христианал ва гьезул килисаби чанго нухалда ракьалдаса тIагIинарилаан. Гьабсагатги руго гьенир христианал, гьезул килисаби, цIалул идараби. Дирго халгьабиязда рекъон абизе кIола бусурбабаздасаги лъикI ругин гьел гьенирилан. Гьедин бусурбабазда гьоркьор гIумру гьарун ругел батIиял диналъул гIадамазда абула Агьлю-зиммайилан. Гьез киназго гIадин казнаялде налогалги кьола, бусурбабаз гьезул тIалабги гьабизе ккола. Гьел къарид гьарулел чагIи ругони, гьезие гIадлуги гьабизе ккола.

Гьелъги бихьизабулеб буго кигIан бичIчIи бугеллъун, сабураллъун бусурбаби рукIине кколелали. Амма дида цо жо бичIчIулеб гьечIо, батIияб диналъул гIадамазулгунцин гьединаб лъикIаб гьоркьоблъи букIине кколеб батани, нилъер гьаниб бугеб гIадалаб ахIвал-хIалалда щиб цIар лъолеб. Бусурбаби ругониги, жидерго рахъалъулъ ритIухълъи балагьулаго цоцаца чIвалел руго…..

Гьабизе бугелъул бицунев Исраил

— Шайихасул адаб гьабуларогойилан абун цо-цо суфиял дагьал дандечIун рукIуна дида…

Дагьабги цIакъ салафиталги рукIунелъул суфиязде дандеги чIун…

Гьебги битIарабха… Кинабго хвезабулеб буго фанатаз, фанатизм абураб жо сундулъниги лъикI букIунаро.

Бицараб рагIиги, гьабулеб ишги данде ккезе ккола

Дуцаго хьихьизе рачарал бесдалал ругищ ?

Руго, кIиго яс йиго. Дие цогиги гьитIинаб хахулеб лъимер бокьун букIана бачине, дир рахьдал лъимерлъун гьеб лъугьунеб хIалалъ. Амма гьеб бачине ккани, кьезе кколел ришватал лъаралго ракI буссинабуна гьелдаса, щайгурелъул дица лъимер бичун босараб гIадаб жо кколеб буго. Щиб бицун дун гаргаданиги, дицаго мисал бихьизабичIони, гIадамазул божилъи букIунаро дида. Масала, дица танхьил заралалъул бицун инсанасул бадиб магIу ххулулеб дугIа гьабизе бегьула, амма мажгиталдаса къватIиве лъугьун хадуб хъалиманалда цIа лъуни, кинабго хвезабула, гIадамазул кинабго божилъи хвезабула.

ГIадамал цо чIужуги лъимилги кин хьихьилебали лъаларого ругеб механда кутабгIишаталъул чи мунгоги гьечIелъул захIмалъуларищ гьел хьихьизе ?

Аллагьасе рецц нилъ Африкаялдаги гурелъул ругел, ракъуца хварал чагIиги гьанир гьечIо, рикъзи камун чиги вижуларо. Дир руччабиги лъималги - гьеб буго дир бечелъи. (Велъулаго) Гьелги налъабиги ругеб, тIокIаб бечелъи гьечIо дир.

Щиб маг Iишаталъул чи мун?

Дир букIана исламияб ретIел бичулеб тукен, Сириялдаса оптом къайи баччулаан гьанибе. Гьанже гьебги къан буго, щайгурелъул дун жамгIиял ишаздаса гьелде регIулев вукIинчIого. ГьабсагIаталъ налъаби гуреб тукадул тIокIаб жо хутIичIо.

Туснахъ гIадаб мадрасаги, Имам Маликидаса «эхеде рахарал» гIалимзабиги

Исламияб гIелму кидаялдаса нахъе лъазабулеб бугеб?

Школа лъугIаралдаса нахъе цIалулев вуго дун. Цин кIиго соналъ цIалана дун нижер росулъ бугеб мадрасаялда. Нижер мадраса букIана туснахъ гIадаб бакI, гордухъан раккизецин риччалароан ниж. Гьедин доре-гьанире русине течIого цIализаруаан. Хадуб Сириялда институталде хадуб аспирантураялде лъугьана цIализе. Кинабниги анцIго соналъ цIалана дун Сириялда. Цонухалъ инсуца хъван бачIана дихъе кидаллъизегIанила мун цIалуде вуссун вукIине вугевилан. Дица гьесда абуна дуца дур бугебщинаб гIарацги гIумрудул анцIго сонги кьелаанин цо нухалъниги бичIчIизеги бичIчIун Къуран цIализе рес щваниян. Дица абула гIумруялда жаниб чанги жоги бихьанин, амма гьеб Къуран цIалун хадуб гIадинаб роххелги, лазатги рекIее сунцаниги гьабичIилан.

Нилъер гьанир ругел гIалимзабазе гIемер данде кколарин абула къватIиса пачалихъазда цIалун рачIарал гIолилал.

Киса-кибего гIадин нилъер гьанирги руго жидеда лъалареб жо лъаларилан абизе бокьуларел чагIи. Лъалеллъун хIалел рукIуна гьел. Жиндир заманалда бищунго лъай бугев чилъун вукIана Имам Малик. Гьесухъе батIи-батIиял сулалгун гIадамал араб механда Имама Маликица гьезул бащадазе жаваб жинда лъаларилан абун буго. Гьедин бищунго лъай бугесцин жинда лъалареб жоялда лъаларилан абураб механдаги нилъер чангиял «лъалеллъун» рукIине къваригIун рукIуна.

ЦIадирабазул цо рахъалда – нафсги иманги, цогидаб рахъалда – «понтабигун», облицовкаби, машинабигун занавескаби

Дуца гьабулеб ишалъе кумекалъе рахъарал чагIи щал ругел?

Гьезул гIемерисез жидерго цIаралцин рицунаро, чанги бечедал чагIаз жидер рахъалдасан бацIцIун Аллагьасе гIоло кьолеб бугин абун кумекги гьабула. Руго бокьараб механда бесдалазе кумекалъе, гьезул ихтиярал цIунизе хIадурал журналистал, экономистал, юристал, тохтурзаби. Цо сахаватав чияс МахIачхъалаялда аскIоб бащадаб гектар ракьул кьуна гьенибги бесдалазул рукъ базе букIине. Дица дихъе кьурабщинаб щибаб гъурущ кибе, сундухъ арабали бихьизабула. Гьелъги батила гIадамазул божилъиги букIунеб. Щуго соналъцин бан бахъунарилан абулеб букIараб гьаб мадрасаги кIиго соналда жаниб лъугIулеб бугеб. Дун гьаб иш гьабизе вагъарараб механда дида щивниги божулев вукIинчIо. Духъа бажаруларин гьебилан рукIана киналго. Хадуб дирго гьитIинав вацас мадраса баялъе кьураб анцIазарго гъурщидасан байбихьанаха иш. ХIасил дудаго бихьулеб буго. Жеги лъикIаб хIасил букIине буго гьаб киналъулго, дие бокьун гьечIо цониги бесдалав къотIнов хутIизе, вакъун вукIине. Нилъер нафсги, рухIияб рахъги магIишатгун машинабазги, облицовкабигун занавескабазги, рукъзалгун понтабазги нахъе цвизе биччазе бегьуларо. ХIайваназ гIадин гIумру гьабичIого, цойгидазе пайдаяллъун рукIине хIаракат бахъе. ХIайваназги гьарула, гIезарула, кваназарула, цIунула жидерго тIанчIи. Гьеб киналъего гIемераб гIакълу къваригIунаро. Гьеб буго Аллагьас нилъеда жаниб лъураб «программа». РухIияб рахъ цебетIезабиялдалъун, аскIор ругездехун бугеб лъикIаб бербалагьиялдалъун бихьизабизе ккола хIайваназдаса нилъер батIалъи. Къураналда хъван бугелъул щуго процентцин тIубазабулеб бугони, нилъер Дагьистан тIегьазе буго. Гурони кинабго жо харбидеги чай гьекъелдеги сверун бугебгIан механ щибго хисизе гьечIо. «Рохьилазул» рахъ кколел цо-цоязда дица абула нуж чаялда нахъаги рукIун Халифатал гIуцIулел рукIинчIого, цониги гIадамасе пайдаяб ишалде руссайилан. Кодоб автоматгун рохьоре ине ккани, гIемераб гIакълу ва бажари къваригIунеб жо гурилан. Дагъистаналъе теоретикияб Исламалдасаги практикияб хIажат буго. Дур бицунеб рагIиги гьабулеб ишги данде кколеб гьечIони, гIадамал киданиги дуда хадур рилълъунаро.

ПатIИМАТ МахIмудова,
МахIачхъала-ЦIияб Сасикь

◆ **ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ**

КОММУНИЗМ

Байбихьи цебесеб номералда

Валагьун вукIана Пятилетка телевизоралъухъ «Чаландарил» цIаралда бугеб районалъул «Слониха» совхозалъул клубалда. Гьенисанго телеграммаги хъвана рокъобе чIужуялъухъе. Телеграммаялда букIана цохIо рагIи: «Йохха!»

Пятилеткадеги гьесул къолодеги руссун рукIун Дагъистаналъул журналистаз кIвар кьечIого тана цохIо Дагъистаналъеги, гьелъие кIигогIан нилъер хабаралъеги кIвар бугеб лъугьа–бахъин. Журналистаз Пятилеткал бицунел къояз Ленинкент поселокалде аскIобе рештIун букIана инопланетяналги жанир ругеб «тарелка». Амма журналистал гьелде регIичIо. Бихьараб чагIаз бицуна, бачIун буго гьеб «тарелка» боржун, свери бахъун буго Ленинкенталда тIад ва гьаваялдаго лъалхъизеги лъалхъун сородун буго. Хадуб рештIун буго гIодобе. СагIатгIан заман бан буго гьелъ Ленинкенталда аскIоб. ГIачиялги ракIарун руго гьелде сверухъе. Хадуб гьеб «тарелкалъул» гордохъа къватибе баккун бачIун буго гIадамасда релъараб гIундулги чIахIияб жо, сверухъе балагьун буго гьеб ва тун гIодобе хIацIугун цIидасан гордохъа жанибе лъугьун буго. Божилъиялда, тIеп–тIепиялда жиндего аскIоре рачIарал гIачиялги хIинкъизарун «тарелкаги» ун буго боржун.

Тарелка рещтIун букIараб бакIалда жеги–жеги хутIун буго кIварщул махI.

3

«Перевал» – ин абулеб бакIги бахун МахIачхъала бихьулеб сверуде щвараб мехалда Шусонов Пятилеткаца жиндаго цебе–цебе гирулеб букIараб къали чIезабуна, тIад хъатги чIван. ГьерекIдерил къварилъухъан вачIунеб мехалда Пятилеткада кквезеги кIвечIого цо бакIалъан гирун ун, ччIухI–ччухIун гьеб къолода хъван букIараб «коммунизм» – илан абураб рагIул хIутIун букIана «комму» – илан абураб рагIи.

– Так. Да–а–а… – илан абуна гьес МахIачхъала бихьараб мехалда.

ТIасан хал гьабураб мехалда МахIачхъала гьалделеб бугеб маннаялъул карщида релъуна. Рорхатал рукъзал рукIуна хул–хулал гIадин, шагьаралда жанисан бачIчIунеб кIкIуй релъуна карщидасан бахъунеб хIохьлада, машинабазул хъуй – карщ белъиналъухъ ралагьун чIун ругел лъимазалул хъуялда.

– Так. Да–а–а…

Пятилеткада бичIчIана цин МахIачхъалаялде жаниве лъугьиналде живго Ленинкенталда тункизе кколевлъи. Гьесда лъалебги букIинчIо Ленинкентиш гьеб яги щиб «кентали», амма гIемерал гIадамал рихьана гьенир ракIарун. Лъабазаргониги чи вукIун ватила. Жиндиргун данчIвай гьабизе гIоло халкъ бакIарун бугеб мехалда гьезда цебе кIалъай гьабичIого кин инев?

Ленинкенталде щвелалдего Пятилеткада ватана авлахъалде гIодове рехун, цо гурони хьитги тIад гьечIев мехтарав чи, бомж. Зама–заманалдасан, мекъи–мекъи гьев чиясухъги ралагьун аскIорго кваналел ругоан ункъго чахъуги. Пятилеткада ракIалде ккана гьев чи вехь ватилилан.

– Асаламу гIалайкум, – илан абуна Пятилеткаца гьев чиясда цебе къалиги лъалхъизабун.

Нолъ мехтун гIодов ккаралъуса гьанжего гьанже вигьунев вугев гьесда щибниги бичIчIулеб жого букIинчIо. Сон цадахъ кIигоявгун гьев вахъун вукIана авлахъалде квана–гьекъезе, цадахъ рукIаразда ав кIочон тун вугоан анивго.

– Чего, чего? – иланги абун гьункьун вачIана «бомж». Бакъван кIалги буго, бихъун унеб бетIерги буго, живго киб бакIалда вугевали бичIчIулебги гьечIо, цебе цо чIобогояб къалиги буго…

– Ассаламу гIалайкум… – илан абуна Пятилеткаца гьанжесалаги. Гьесда ракIалдего кколеб букIинчIо гьабгощинаб телевизоралдасанги, радиоялдасанги, газет–журналаздасанги бицунеб бугеб мехалда живго «вехьасда» лъачIого хутIулевилан. ВитIа–вишун, эхетун чIун вукIана Пятилеткаца.

– ВагIалайкум… сал… – илан Пятилеткахъ валагьахъдилев вукIана «бомж». «Нолъ цадахъ вукIаниланги

ккола гьав чи, вукIинчIиланги ккола…» – ЛъимгIаги гьечIебищ духъ?

Пятилеткахъ лъим букIинчIо. Мугъзада баччараб цо къвачIа букIана Пятилеткахъ, амма гьелда жаниб лъим букIинчIо.

«Асда щай дун Пятилетка Шусонов вукIин лъалареб? Гьадавгощинав чи вакIарун вуго, дун вачIинегIан, дир кIалъаялъухъ гIенеккизе гIоло – гьав чияс гIинго тIамулеб гьечIо. Лъел бицунев вуго… Асда ракI бащад гьабун, гIамал бащад гьабунгIаги кIалъазе ккела…»

– ГIи кьаралъулеб бугебищха, эмен?

Женгиги вегахъего вугев «бомж» гIажаиблъи гьабун гъоркьа тIаде валагьана Пятилеткахъ. «Гьасие дидасан къваригIараб жогIаги щиб, вачIун тIадегун гIанта–гIантал жал рицине ккани?.. Лъимцин цадахъ гьечIев чи…» «Бомжасда» хIала–билахъе гIодов кIусизе кIвана. Гьанже рихьана гьесда чахъаби. «Гьал кьараго ругелищали гьикъулеб батизе буго ас… Асулдай ал?»

– Нижеда рихьизецин рихьичIо чахъаби… Нижехъ нижерго букIана «закуска»… КIигониги килька букIана!

– Так… Так… – илан табуна Пятилеткаца.

«Так–такиланги абулеб буго ас… Цошина нолъ нижеца асул чахъу хъурабдай?..» – илан квешаб пикру бачIана «бомжасухъе».

Пятилетка эхетун чIун вукIана щибилан абилебалиги лъаларого. Гьесда ракIалде ккана гIадатияб захIаматхалкъалдаса живго рикIкIалъун вугин, я гьез жинда бицараб, я жинца гьезда бицараб бичIчIулеб гьечIилан. «Цоцазда бичIчIулеб мацIалъ кIалъазе ккела асда…»

– Къинлъуларелищ ал? – илан гьикъана Пятилеткаца чахъабазде килищги битIун.

«Бомж» гьанжеги гъоркье эхеде валагьана Пятилеткахъ. «Асие дидасан къваригIараб жогIаги лъалебани…»

– Лъаларо дида… Я бихьичIо, я рагIичIо, – ян партизан гIадин чIана «бомж».

Хадусеб букIине буго

ЛъикIал рахъал ралагье

МагIарулазул «Миллат» абураб цIар бугеб цIияб газета бихьарабго дица божилъи гьечIого кодобе босана. БакI ккун букIаго абила газеталда ратана цIализе интересал макъалабиги, хасго рокьана машгьурал чагIазулгун редакторас гьарурал гара-чIвариял. М.БисавгIалиев вуго магIарулазда журналист хIисабалда цевехунги лъалев, гIужилав, хъвадаризеги махщел бугев чи.

Газеталда хIалтIулел ясалги цIиял гIадамал гуро, гьезул творчество нилъеда лъала «ХIакъикъат» газеталдаса. РукIуна гьезулги цо-цо лъикIал макъалаби. Газета интересаб буго, амма рекъечIеблъун бихьана чанго рахъ газеталъул. ТIоцебесеб щибаб номералдаса номералде Адалло ГIалиевасул макъалабийищ абилел, маргьабийищ абилел гьел жал кьей. Адалло лъикIав поэт вугин рагIана дида, дидаго кучIдул гIемер ричIчIуларо. Гьев вагьабияв вугин, вагьабиязул газетаян гIайиб чIвалел чагIиги рагIана дида. Дие гьелъул батIалъи гьечIо, гьес как кивехун сверун баниги,гьеб гьесул хIалтIи буго, хъвалеб жо лъикIаб бугони. Гьев гIемер дунял бихьарав чи вуго, щай гьес хъваларел макъалаби жакъасеб ахIвал-хIалалда, лъугьа-бахъиназда тIаса. Нужеца газеталда кьурал Адаллол харбал цIаларабго гьесие живго гьунар бугев чилъун вихьизавизе бокьун букIин бихьула. Щив божилев квер бахъун гьес унтараб бетIер сах гьабулин абураб жоялда. Гъ. Гъалбацовасул «Коммунизм» абураб чIанда лъие хIажат бугеб? Макьуйищ гьос бицунеб бугеб, хIакъикъатищали хадур гьолеб хIал гьечIо. Цо макъала бачIун букIана ГъалбацIовасул мацI цIуниялда ва магIарулал цолъиялда тIаса. Гьединаб магIнаялъул лъикIал макъалаби хъвай абе гьесда макьабиги маргьабиги тун. Гьаб макъала хъвалаго дица хIисаб гьабуна, щибдай БисавгIалиевас гьалъие хадурагIи хъвалебин. Интересал рукIуна гьел, амма цIакъ хъачIго адаб гьечIого хъвалел руго. Цебесеб номералда М.ХIасанов абурав чиясе хъвараб жаваб бихьарабго гIажаиблъи гьабуна ва рекъон гьечIеблъун бихьана. Бокьилаан иргадулал номеразда интервью интересал чагIазулгун гьабуни. Гьелго санагIат гьечIел суалал кьезе бегьула ХIажи МахIачевасе, Сайгид МуртазагIалиевасе, министразе, депутатазе ва магIарулазул районазул бутIрузе. Амма цересел чагIазе кьурал суалал рихьани, щакаб жо буго гьел интервью кьезе разилъи. Гьеб лъикIаб пикру буго нужер.Цойги газеталъул лъикIаб рахъ-лъун бихьана жидеего гьабулеб критика газеталда бахъи. Цогидал газетаз гьеб биччаларо жалго какун ругони. Бокьилаан «ХIакъикъат» газеталъгунги гьудуллъи цIунани, нуж гьенир хIалтIун рукIарал чагIилъидал. М.БисавгIалиевас гьелда данде гIуцIичIин цIияб газетаян интервьюял кьуниги бихьулеб буго данде чIараб букIин. Гьеб магIарулазе лъикIаб жо гуро, лъикI букIина рекъон хIалтIани. МагIарухъ росабалъе ун гьезул гIумруяшав бихьизабуни, шагьаралда ва гIатIиракьалда ругел магIарулазул хIакъалъулъ хъвани газета машгьурлъизе буго. «ХIакъикъат» газеталъ киналго реццун хъвала, критика букIунаро, нужеца какулел руго киналго, гьебги лъикI гуро. Дагьалищ ругел магIарулазул реццалъе мустахIикъал чагIи? ГIалимзабиги, спортсменалги, политикалги нилъер кигIан бокьаниги руго, гьезул рахъалъ хъвай. Кинабго чIегIералъ бихьизабичого, лъикIабги бихьизабе. Дун хъвадарулев чи гуро, цIияб магIарул газеталъул гIоларел рахъазул бицине ккелин къалам кодобе босана. Бокьани бахъе, бокьани бихъе.

ХIурматгун К. МУХIАМАДОВ.

РЕДАКЦИЯЛЪУЛ РАХЪАЛДАСА:

ХIурматияв К. МухIамадов, дуе кинаб хадурагIи хъвалебин валагьун чIарав мун пашман гьавизе кколев вуго. Щибниги дур рахъалъ квешаб жо хъвачIого тезе хIукму ккана. Дуца гьабураб критикаги нижеца хIисабалде босила. Руго гьанир тIад рекъезе бакIалги. Адалло ГIалиевасе нижеца гьумер кьеялдаги мун тIаса лъугьа, мун гурелги цIалдолел рукIинги хIисабалде босе. БатIиял темабазда гьес хъваниги, дуца хъваниги газеталда кьезе ниж хIадур руго. «ХIакъикъат» газеталдеги дагIба гьечIо нижер. ГI. Камаловасулгун дир бахIс, дагIба гуро ва тIолго аваразул проблема гуро. Гьеб буго творчествоялъе хасиятаб жо. Аллагьас хъван батани гIемерисел авараз къабул гьабулеб макъамалде газета бачиналда тIад ниж хIалтIизе руго. Киназего данде кколеб хIал букIинищха, кинабго рекъараб рукъ лъиениги щвечIин абиги бугелъул.

РОСАБИ ГЬИТIИНЛЪАНАГIАН...

Мунагьал чураяв Суракъат Асиятиловас цо нухалъ университеталъул коридоралда цо кIодого, хъатида хъатги кьабун, кIарун велъанхъулев васасда абуна, гьитIинаб росулъа чи ватилин мунан. Хадуб переменаялъул заманалда аскIове ун гьикъана дица гьелъул магIна щибан, щай кIодого велъулев чи гьитIинаб росулъа вукIине кколеван? Дагьав гьимизеги гьимун гьес абуна: «Мун гьитIинаб росулъа чи ватани, дуда квеш букIунге, гьудулавчи, амма дир хIисабалда, гьитIинаб росулъ киданиги гIадлу букIунаро, цолъи букIунаро, щибниги гьезул церетIейги букIине рес гьечIо, гъозда лъаларо гIадамазда гьоркьоб кинаб рукIа-рахъин букIине кколебали ва кин хьвада-чIвадизе кколелали. Гьелъул гIемер халги ккураб дица», - ян. БитIахъе бицани, ццин бахъана дир гьес бицунелда (дунгоги цо гIемер кIудияб гуреб росулъа вукIиналъги батизе бегьула), гьев кIудияв, профессорин хьвадулев чияс гьел рекъечIел жал рицине бегьулищ, росабалъаги ун шагьаралда яхI щущаразул гурищ ав бицунев вукIарав гьанжелъагIан абун ккана.

ниги, гьесухъ гIенеккулел чагIиги камулел гьечIо.

Цо росулъ ккана гьадинаб лъугьа-бахъин. Росдал администрациялъул бетIерас гIарацги биччан бачун буго чамалиго соналъ лъим гьечIого букIараб росдал мажгиниш гьединал чагIазда бараб бугеб механъ кинабалиго гьунаралъул яги гIакълуялъул бицинчIониги бегьила. Гьадинги цебеса тIей гурони, кинабалиго цебетIей гьечIеб нилъер республика, щибаб росулъ вугев чамалиго гьединав

! Бетер кьватIизегIан ургъаниги бичIчIизе кIолеб гьечIо батIи-батIиял гIиллабиги ратун гъов связь къваригIун гьечIин, нух къваригIун гьечIин, мажгиталъуб лъим хIажат гьечIин кIалъалев чиясул рекIелъ бугеб жо.



Гьаб тIадехун рехсараб лъугьа-бахъин ва Суракъатилгун хабар ракIалде бачIана дида дагьалъ цебе ккараб цойги лъугьа-бахъиналъ.

Цо чи вугоан доре гьанире квералги хьвагIизарун, цIакъ ццин бахъун кIалъалев, щайила жидер росдада аскIоб лъезе кколебила мобильнияб связалъул вышка, цоги бакIалда лъейила, жидер росдацаго гьеб иш гьабизе биччазе гьечIин. ГIажаиблъиги гьабун гьикъана: «Щиб бугеб дуе ва нужер росдае гьелдаса къварилъи, связь гьечIого гурищ нилъ ругел?» - абун.

- Гьеб связь бугеб бакIалда радиация букIуна, ниж связь гьечIого рукIине руго, нилъер умумузулги букIинчIо гьеб связь, нижее радиация къваригIун гьечIилан кьварун лъазабуна гьев бихьинчияс, битIахъе жиндие связь гьабизе вачIарав чиясухъ гIадин дихъги валагьун. Гьабгощинаб гIаламалъе, кIуди-кIудиял, жанир чаналиго вышкаги, чанго батIиял сотовиял операторалги ругел шагьаразда ва росабазда ругел гIадамазе гьечIеб радиация, ав цо битIахъе хIамил бетIергIанасеб росулъ хутIарасейищ гьелъ рахIат хвезабизе бугеб? Умумузул гIадинаб рукIа-рахъин бокьун батани щайха дуца телевизор босараб, тарелкацин лъун бихьула, щай рукъалъул тIохалда махх кколеб, щай машиналда рекIунев, ток хIалтIизабулеб абун гьикъана, гьесда жаваб кьезе кIвечIо. Вышка лъезе рачIарал чагIи гIарац кьун, месед кьун, гьоболлъи гьабун, вышка лъечIого нахъе риччачIого чIезавизе кколеб бакIалда, гьав чияс бицунеб щибан ургъана.

Амма, гьелда гуро дица гIажаиблъи гьабураб. ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо буго гьединаб гIамал букIин нилъер цо-цо гIадамазул. Бокьараб росулъ ватизе вуго нужеда гьединав чи. Цо гурев щуго-анцIго ватизеги рес буго. Щиб жо гьабизе гIадамал лъугьаниги, гьеб бегьуларин, мекъи бугин, данде кколарин абула гьес. Нусго-азарго гIилла ургъила гьес гIицIго гьабулеб хIалтIуда тIад рекъонгутIиялъе гIоло. Росулъе шагьранух бахъизе лъугьани абила, гьелъ кибалиго харибакI хвезабулин. Росулъе щолеб машинаялъул нухалдаса росдае ва жиндие букIине бугеб пайдаялъул гьес пикруцин гьабизе гьечIо; цIулги херги машинаялда баччизе ва цоги къваригIелалъе гьеб нухалдаса бигьалъи букIине бугеблъи лъаниги бицинего гьечIо. Кьо лъезе жувани абила гьениб гамачI толеб гьечIин, чIалаби къотIун ругин. ТIокIаб абизе жо батичIони абила гьеб кьо гIатIидаб гьечIин, борхатаб ялъуни тIуцаб бугин, берцинаб гьечIин ва гь. ц. Кьо бай лъикIаб иш бугин абураб жоялда мукIурлъизе гьечIо кьвагьун хваниги. Гьединал чагIи гIемер руго щибаб росулъ. Гьел гурони гьезего гьечIилан кколеб буго цо-цо механъ. ГодекIанивги вахъун цо чи ахIтIезе лъугьарабго, кигIан ахIмакъал жал рицине гъов лъугьаталъубе лъим. «ВахI ле, кигIан лъикI дуца аб гьабураб, лъим гьечIеб мажгиталдаса лъим бугеб лъикI букIун буго, баркала дуе», - ян абизе кколеб бакIалда гIадамал лъугьунел руго гьенир гIунгутIаби ралагьизе. Ахирги цо хIалчIахъадида ракIалде щун, батун буго абизе жо. Гъоб мажгиталда жаниб каки чурулаго реч1ч1араб лъеца мажгиталъул къадал жагъаллъизарулел ругин, гьаб лъим гьаниб къваригIун гьечIилан лъазабулеб буго рузманалдаса хадуб гIадамазда цебе. ГIадамалги гIемерисел рукIун ругоха доб тайпаялъул. Ахиркъад лъимги хвезабун, гьабураб хIалтIиги хвезабун, лъим гьечIого буго доб мажгит. Нужецаго хIисаб гьабеха, лъим гьечIеб мажгит кинаб букIунеб? Гьеле гьединал мисалал кигIан бокьаниги рачине бегьула. Гьеб буго гьитIинал росабазул мискинаб гIакълуги, цоцадехун бугеб жахIдаги.

Цо-цоязда ракIалда ккезе бегьула гьаниб дица рагIул берцинлъиялъе гIоло дагьа-макъаб жо ургъун бахъун батилин. Цо расниги ургъун гьечIо, кинабго букIараб, беразда бихьараб жо буго. Иш гьабизе гIадан лъугьунаро, гьелдасаги бигьаяб бугелъул цIодорал гьурмалгул, гIакъиласулаб ххвелгун, гьабулебщиналде чIорал реххизе. Гьелъул гIаксалда, цо гIантаб иш гьабизе чи вагъарани, гьав чияс цо нилъеда ричIчIуларел жал гьарулел ругин, цIодорав чи ватизе вугин тола. Росдал, жамагIаталъул ахIмакъаса бан тани щиб алъул ккелеб? Гьаб жакъа ругеб даражаялде рахине рукIинги щакаб жо буго, цебе Совет хIукуматалъул заманаялъ киналго тIаде рахъинарун нухги, токги гьабизе тIамичIелани ва хIукуматалъ гIадамазда гьикъичIого, гIарацги биччан гьеб иш рагIалде бахъизабичIебани.

Цере газеталдаса рукIунаан росдал масъалаби гьоркьор лъурал, гьаризе кколел ишазул бицунел, тIалъиялъул гIунгутIаби къватIир чIвазарурал макъалаби. Гьанже гъоб «ХIакъикъат» газеталда смсал ритIиялдалъун лъугIулеб буго. Бигьаго бугелъул ракIалде ккарабщинабги хъван рахчун рукIине, телефоналъул номерги гъоз къватIиб чIвазабулеб гьечIо. ГIали цIогьор вугин, ГIумар хIалихьат вугинги хъван битIе газеталде, кинабниги жавабчилъи гъолъул гьечIо. Гъоб тIадехун рехсараб къавмалдаса руго гьел смсал ритIулел, гIарзал хъвалел, росабалъ хьвадун гьерсал рицунелги. Цоцада гьерсал рицинегIаги къваригIун гьечIодай связь?

ГIунгутIи гьечIев чи авараг гурони вукIунарила. Цояв хIинкъарав, цояв хъантIарав, цояв цIогьодулев, гьерсал рицунев, гIадалав, гIантав, хIинцав… Амма гьаб тIадехун рехсараб унтиялда дида лъезе цIар лъаларо. БетIер кьватIизегIан ургъаниги бичIчIизе кIолеб гьечIо батIи-батIиял гIиллабиги ратун гъов связь къваригIун гьечIин, нух къваригIун гьечIин, мажгиталъуб лъим хIажат гьечIин кIалъалев чиясул рекIелъ бугеб жо.

ГIемерисел гIадамалги гIатIиракьалде гочун нилъер росаби руго гьитIинлъулел, цо-цоял тIубан чIунтулел руго. Росаби гIисинлъанагIан гIадамалги гIисинлъулел руго. Чорхолъа гуроха, пикрабазулъ. КIудияб, гъваридаб пикруялъул гIадан вукIине ккани кIудияб жамагIатги, цоцада данд бан гьабулеб ишги, гьоркьор лъолел суалалгун гьелда сверухъ загьир гьарулел батIи-батIиял пикрабиги рукIине ккола.

МагIарулазул кьижараб яхI борчIизабизе росабазде ахIи балел руго цоял, гьениб хутIанин гIакълуги, лъайги, бахIарчилъиги, лебаллъиги, гьунарги.

«МугIрул тун авлахъалде
рахъунел магIарулал,
МагIарул махIги яхIги,
гьарула, цадахъ босе», - ян хъвана Расул ХIамзатовас.

Гьесул малъиялда хадурги рилъун, щибниги магIарухъ течIого кинабго гIатIиракьалдейищ босун араб? МахIалъулги яхIалъулги щиб хутIарабали дида лъаларо, гIакълуялъул ицц гьениб къойидаса къойиде къунеб бугеб гIадин буго.

Суракъат витIун вукIараб къагIида…

РАМАЗАН Ражабов,
ДГУялъул аспирант

хитIаб

ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!

Редакциялъ хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нилъер «СанагIат гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гара-чIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца санагIат гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул санагIат гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политиказухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электрониял къагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакциялъ районазде ун халкъгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихъги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нилъеда кIвани ахир лъола ришватазеги, коррупциялъеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъиялъеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго гражданияб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

ул. Шоссе аэропорта, 19 А
з-й этаж
редакция газеты «Миллат»,
ялъуни электронный адрес:
bisav@mail.ru

тел.: 8-905-476-56-65

Васалам.

бокьани божа, бокьичIони божуге

Уинстон Черчилие цIакъ бокьулеб букIун буго армяназул коньяк. Гьес щибаб къойил 50 градус къвакIиялъул «Двин» абураб коньякалъул шиша гьекъолеб букIун буго. Цо къоялъ премьер-министрасда лъан буго коньякалъул цебе гIадаб тIагIам гьечIолъи. Гьес Сталиниде гIарз бахъун буго «Двин» цебегIадин лъикIаб гьечIилан. Щиб кинилан цIех-рех гьабидал «Двин» гьабулев вукIарав мастер Маргар Седракян Сибиралде ссылкаялде витIун ватула. Гьев Сибиралдаса нахъе вачана, цIидасан партиялдеги восана. Черчилие цIидахъан жиндиего бокьулеб коньяк щвана. М. Седракянийилан абуни Социалистикияб захIматалъул бахIарчиясул цIар кьуна.

Чарли Чаплинил бищунго цIар араб заманалда Америкаялда тIоритIулаан гьесухъего гьарулел чагIазда гьоркьоб конкурсал.

Цо нухалда Сан-Францискоялда тIобитIараб гьединаб конкурсалда лъидаго щибгоги абичIого живго Чаплиницаги гIахьаллъи гьабун буго, амма гьесе бергьенлъи щун гьечIо.



20 гIасруялъул байбихьуда Тибеталда пачалихъалъе 2000 гIан батIияб налог бакIарулеб букIана. Гьезда гьоркьор рукIана бертин гьабуралъухъ, лъимер гьабуралъухъ, кIеч ахIизе рес кьуралъухъ, кьурдаралъухъ, цIумур кьабаралъухъ ва къали бачаралъухъ кьезе кколел налогал. 1926 соналда Тибеталда армия гIуцIизе байбихьана, гьелъие чара гьечIого гIарац хIажат букIана. Цоги халкъалда кинаб налог лъелебали лъаларого вугев Далай-Ламаца гIундузтIа налог лъуна.

Александр Дюмаца цо нухалда гIахьаллъи гьабуна дуэлалда. Можоро бахъун къурас жиндаго речIчIизе кколаан. Можоро бахъун къурав Дюма цогидаб рокъовехун уна ва гьениб тункIил кьвагьи бахъуна. Гьелдаса хадув: «Дица речIчIана, амма гьеб дида щвечIо»,-янги абун Дюма тIад вуссуна добго сверулъе .



Шотландиялдаса гIалимчи физик Роберт Уотсон-Уотт цо нухалда полициялъулаз чIезавула скорость цIикIкIинабунилан.

Гьеб мехалда гIалимчияс абун буго нужеца сундуе хIалтIизабилебали лъалеб букIарабани, дица радар киданиги ургъилароанилан.

ЦIех-рехазул баяназда рекъон, Америкаялъул гIемерисел доллараздa батун буго кокаиналъул лъалкI.



1992 соналда гурони Ватиканалъ ракь тирулин, амма гьеб бакъуда сверун тирулин абураб баян хIакъикъияблъун рикIкIинчIо.

«Миллаталдехун» миллат

Нижер газеталъул ва редколлегиялъул хIисабалда букIинчIо СМСазул колонка кьезе, газеталъул ахиралда кьураб редакторасул номералде рачIана гьал хадур рехсарал хъвай-хъвагIаял. Кинаб гьеб батаниги, эркенаб пикруялъе бакI кьезе ккейги хIисабалде босун, хIукму ккана газеталда рахъизе. Бокьиланан хъвайхъвагIаязулъ чи хIакъир гьавурал, напсалда хъвалел бакIал риччачIони, номералги загьирлъулел ругелъул, цIодорлъи гьабуни лъикIаб букIина.

Редакция.

Щибизе къваригIараб магIарулазе кIиго газета, нужее «ХIакъикъатгун» Камалов ГIали рихун вугин миллат бикьизабизе рекъон гьечIо.

8963 … .. 4I

(«Нужеца миллат бикьизабулеб буго, Камалов ГIалида ва «ХIакъикъаталда» данде чIун руго» гьел харбал чухIулел руго моцIица гьоркьор къотIичIого. ТIоцебесеб иргаялда баркала гьечIо нижер газета цIалиялъухъ ва босиялъухъ. БосичIого тун букIарабани, гьабги цIалун гIантал щинал жал нижехъе хъвазегIан. Нижеца бикьизабизе кида щалгун гьеб миллат цолъун букIараб? Думаялде депутатал рищулеб мехалдайищ, МахIачхъалаялъул мэр вищулагойищ, муфтийгун ГIадилгерей чIвараб мехалдайищ? Кида цолъун букIараб гьеб нижеца бикьизабулеб миллат? ЦохIо МухIу хъулухъалдаса реххараб мехалда дагьалго цолъун рукIана, гьелги цоцалъ гуро, МухIамадсаламида сверухъ. Цолъеха жакъаги гьесда сверухъ, цебе «ХIакъикъатги» гьабун а гьенире ва цолъе. Цоцалъ журан рукIа, магьари лъе, загс гьабе. Ниж миллат цольизабизе ва рахьдал мацI цIунизеян къватIире рахъарал чагIи гуро. Гьеб рахьдал мацI цIунеян цере рахъарал чагIи рихьарабго, нижее мацIги рихана, рахьги рихана. Цебе рахь бокьулаан, гьел чагIаз рихинабуна. ред.)

Бегьулеблъун батани гьев ГъалбацIовасда гьаре, какиги чурун къилбаялде сверун вегаян. Адаллоца ботIрода квер бахъиялъги кумек гьабичIеб къагIида.

Хьимакъороса Шумайсат.

(Совет пачалихъалда нужее кьезе кIвечIеб коммунизмаялде рачине виччан вукIана, жо кколеб гIадин бихьуларо. ГIагараб заманалда гьесда квер бахъизе Кашпировскийгун Чумак ахIизе хIукму къотIана «Миллаталъ» ред.)

Цо дир гьудулас абуна нужер цIаралги хъван биччалеб газета бугила «Миллат» нуж хIакъикъиял чагIи гурила. Гьеб битIараб бугищ?

8988 … .. 53

(Буго, ниж хIакъикъиял чагIи гуро, ниж гьечIо. Гьаб дуе жаваб хъвалев чиги вуго дур гьудул. ред)

Нужер редакциялда ясал щай гIемер ругел?

8960 … .. 56

(Васал дагь рукIиналъ ккун буго ясазухъе миллаталъулги «Миллаталъулги» иш. Васал гIемер ругеб бакIго батулеб гьечIо. ред)

ГIахьвалал ана, гIандисел ана, дидоял ана. Лъица цIализе газета биччалел чагIи нуж?

8988 … ..40

(Ленин хвараб къоялъ Сталиница абурабила нуж дида хадур рилъайин, рилъинчIел дица Ленинида хадур ритIилин)

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, МахIачхъалаялда «Октябрь» кинотеатралда цебе бугеб киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахIе тел.:
8-905-476-56-65, 8-988-261-85-25.

ГIагараб заманалда тIибитIизабизе буго почтаялдаса ва Росспечаталъул киосказдаса.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан www. maarulal.ru.

«Миллат» газеталъе хIажат вуго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондент** ва газета биччалев **редактор**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

фото-факт

1938 соналда Дагъистаналда бахъараб сурат.
«Комсомолка Ризахановалъ колхозниказе лъугьа-бахъунелъул бицунеб буго».

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Раисат Гитинова
Патимат Махмудова

Редакционный совет:
Шамиль Алиев
Рамазан Абдулатипов
Сулайман Уладиев

Адрес:
Ул. Шоссе аэропорта
(Каммаева) 19а. тел: 69-60-03

E-mail: millat@gmail.com
Подписано в печать:

Тираж: 999

Точка зрения редакции не обязательно совпадает с мнением авторов.